



Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU VIZIT NAN MEZON RETRÈT PANDAN VAKANS YO

"Sezon fèt sa a, piske anpil Nouyòkè ap vizite manm fanmi yo nan etablisman swen alontèm yo, mwen vle asire ke n ap fè tout sa nou kapab pou pwoteje pwòch nou yo. Nan semèn yo ki vini anvan peryòd sa ane a, nou te pran mezi pou konbat pwopagasyon COVID-19 la nan etablisman sa yo, sa gen ladan deplwaye ekip Gad Nasyonal ki fòme medikalman pou ede mezon retrèt yo nan Eta a epi egzije tout etablisman yo pou bay dòz siplemantè yo depi Aksyon Degras (Thanksgiving) la. Si ou gen yon pwòch ki pa kapab bay konsantman pou resevwa dòz siplemantè a, tanpri bay konsantman an nan non li.

"Pandan n ap konbat ogmantasyon nan ivè sa a ak nouvo varyant kontajye a, nou tout dwe fè pati pa nou. Depatman Sante Nou an ankouraje vizitè yo pou yo vaksinen ak pran dòz siplemantè epi, jan yo egzije sa, pou mete mask toutan. Mezi tanporè sa a pral ede kenbe pwòch ou yo an sekirite ak vivan.

"Mwen konnen tan nou pase lwen pwòch nou yo douloure, espesyalman pandan sezon fèt la, men sonje pou w toujou panse ak moun ki pi vilnerab nan lavi w epi pran mezi pou pwoteje yo. Ansanm, n ap travèse ogmantasyon ka nan ivè sa a si nou pran mezi rezonab pou kenbe youn lòt an sekirite".

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418